ZIMBABWE CHAMBER OF INFORMAL ECONOMY ASSOCIATIONS

21 1st Avenue, Mabelreign,
Harare, Zimbabwe
Tel:+263 242 750435
+263 242 741691
E-mail: info@zciea.org.zw

zcieazim@gmail.com
Website:www.zciea.org.zw

ZCIEA PRESIDENT
+263 772205884, +263 715934717
president@zciea.org.zw/chivandikwastella09@gmail.com

ZCIEA SECRETARY GENERAL
+263 772 361 905 +263 712724650
sg@zciea.org.zw/wisbornmalaya@gmail.com
Skype: wisbornm.malaya1

All correspondence to be addressed to the Secretary General

CHIZIVISO KUNYAVHUTI
CHEKUKASI

Zuva: 13 Nyamavhuvhu 2026

Nyaya: ZCIEA YAPA TSITSI NEZVE NJODZI YACHIKEPE CHEKARIBA

Sangano re Zimbabwe Chamber of Informal Economy Associations - ZCIEA rakashungurudzika zvikuru nenjodzi yechikepe yakaitika kuKariba, yakatora hupenyu hwevanhu vakawanda uye yakasiya mhuri dziri mukushungurudzika.

Nemoyo unorema tinosimbisa kuti nhengo dzedu 9 dzeZCIEA dzaishanda pahove dziri pakati pevanhu vakabatwa nenjodzi iyi. Ava vaiva varume nevakadzi vaishanda nesimba vachibata hove muGungwa reKariba kuti vararise mhuri dzavo uye vabatsire kuhupfumi hwenzvimbo.

Pachinzvimbo chenhengo dzese dzeZCIEA muZimbabwe yose, tinopa tsitsi dzedu dzepamusoro kune:
1. Mhuri dzakarasikirwa nevadiwa vadzo
2. Vakakuvara nevachiri kurapwa
3. Nharaunda yese yeKariba nenyika yese panguva ino yakaoma

Tiri kuchema nemi. Nhengo dzedu 9 hadzina kungova vatengesi nevabati vehove chete, vaiva vabati vemhuri, vabereki, vatungamiri vevechidiki, uye mbiru dzehupfumi husina kurongwa. Kurashikirwa kwavo kurashikirwa nesu tese.

Tinorumbidza zvikwata zve emergency, vanozvipira munharaunda, nehurumende iri kuenderera mberi nekutsvaga nekununura. Tinonamatira simba kumhuri panguva ino yakaoma uye nyaradzo kune vese vakabatwa.

SeZCIEA, takamira takabatana neKariba. Tichashanda nehutungamiri hwenzvimbo nevakuru vakakodzera kutsigira mhuri dzakabatwa uye kukurudzira matanho ekuchengetedza kune vese vanoshanda mumvura.

Mweya yevakaenda ngazorore murugare rusingaperi.
“Jehovha ari pedyo nevane moyo wakaputsika uye anoponesa avo vakapwanyika mumweya” - Pisarema 34:18

Wisborn Malaya Munonyori Mukuru ZCIEA

"The Chamber That Delivers"

For transforming informal economy activities
into mainstream activities